# СЦЕНАРИЙ УТРЕННИКА-
# «СВЕТЛОЙ ПАМЯТИ ПЕРВОГО ПРЕЗИДЕНТА»



2018г.

## СЦЕНАРИЙ УТРЕННИКА-
## «СВЕТЛОЙ ПАМЯТИ ПЕРВОГО ПРЕЗИДЕНТА»

Дети входят в зал и садятся на места, у центра стены портрет Ахмат-Хаджи.

Выстраиваются дети с цветами в руках те кто читают монтаж

**Ведущий:** Къизачу 1ожалло,вайна юкъара д1аваьхьира нохчийн къоман бакьволу къант,вайн республикан доьххьарлера Президент Кадыров Ахьмад- Хьаьжа. ХIоран доьзале а кхечир оцу ирчачу бохаман ачо. Массо а нохчочун дагах чекх белира и лазам .Дерриг халкъо а,махко а, дуьнено а лоруш, си деш а стаг вара иза. Тахана кхин алсамбуьлу вайн цуьнга болу ларам. Иза даимна а вехар ву къоман син къетамехь. Вай маьрша дахийтархьама ша шен са а ца кхоош ваьхна а. шен дахар д1а делла а стаг ву Ахьмад -Хьаьжи. Вайн ц1е йаххханчу поэташ ,байташ,стихш,иллеш доху цуьнан синна а. Цара гойту шай дегалазамаш. Уьш а, вай а тешна ду шен дас Ахьмад- Хьаьжас юьхьар лаьцна хилла некъ цуьнан къанта,Кадыров Рамзанакхиамца кхочуш бийриг хиларх. Тахана оха шуна йовзуьту Кадыров Ахьмад-Хьаьжина лерина йолу стихаш а,иллеш а ,и дага лоцуш. Дала г1азот къобал дойла цуьнан.

**Вед.** В день памяти
Мы собрались сегодня.
На утреннике Праздничном сейчас
Мы помним про тебя Ахмат - Хаджи Кадыров
Стихи читаем про тебя
И песни про тебя поем.

**Читают дети:**

Чтобы жили и росли мы
В радости и мире
Заботился и думал
Ахмат - Хаджи о нас

Ты детство нам вернул
Наставник наш учитель
Жить в мире
Завещал наказ

Ахмат - Хаджи
Ты жизни не жалел
Вел наш народ вперед-
Заглядывая в даль.

Чтоб дети жили
И учились
Забыть смогли
Разруху и печаль

Чтоб матери
Не проливали слез.
1 Отцы не старились
Седея на глазах

Ахмат-Хаджи клянемся помнить
О тебе всегда. **( все в месте)**

## ПЕСНЯ «Г1АЗОТАН БАЬЧЧА»

Турпалчу дег1аца,болатан дагца
Кийрара дилха дог дийнаца rl аг1 дина
Мискачу шен къоман. ша да в у аьлла
Ша хьалха велира и Ахьмад-Хьаьжа .

Г1илачийн,мискачийн ша накъост хила
Наной кхин белхор бац.бо бераш дебор дан
Да воцуш Нохчи чоь кхин хир яц, олуш
Ша хьалха велира и Ахьмад-Хьаьжа.

Шен халкъах доглазар шена совдаьлла
Мехкана ша эшча,орцанца г1аьттина
Харцонан тобанаш кхин хир яц аьлла
Ша дуъхьал велира и Ахьмад-Хьаьжа

**Стихи:**

Халкъана бо хьехам Хьекъам бара хьан.
Махка т1ехь боккху кого Беркате бара хьан.
Мостаг1 чуьнга буьйцу мотт Ма говза бара хьан .
До 1 анца лоцу куьг Иманехь дара хьан.

Иохийна.яржийна ахь йина ойланаш
1адийна дитина вайн неха адамаш Ахьмад-Хьаьжи,
хьо вац бохуш деанчу озо
Кийрар дог къуьйлу, мостаг1а вожо.

Эгийна адамаш,Рамзана г1овти
Яржийна ойланаш Айманис гулйи
Вай Делан пурбанца, Нохчи чоь хуьйи
Шайгара йовхонца вайна и йохъйи

Хьан хьажар хьаштичах цкъа -цкъа тарлора
Осалниг ц1арочул цо вага вора
Х1оттина воучо сел цхьанне а гуора
Шен къомах ма ч1ог1а дозалла дора.

Виси хьо тхан дагалецамийн бешахь
Дахар-м ду кхехкар вайн пешахь
Тахна а юххехь ву.Ахьмад хьо эшахь
Вахлур вац мостаг1а вайн латта хьеша

**Бакъволу къонах вара**

Дукха а бохамаш вайн кьомо лайна
Диканах - вон а ю хийцалуш рагй
Хьийзар дац доьхна тхо собар а дайна
Ца лахбан дуьненна хьалха вайн мах.

Воьхур ву до1анца Ахь жоп - лолах
Воьхур ву - нийсачу новкъа тхо даха-
Ах белла некъ д1ах1ур бу оха.
Дала хьан 1азот къобал дойла.

**Ведущая: А сейчас нам дети прочитают стихи**
**Цкъа а вицлур вац.**

Мехкан к1ат - турпалхо тхан Ахьмад-Хьажа
Шолг1а а т1ебеъна и къиза т1ом Майралла,
стогалла дагчу ца тарлуш
Хьо ара велира лардан хьайн къам

Да-нана, хьайн доьзал, х1усам а юьтуш
Ц1е Хилла догу дог маъкана луш
Нохчийн халкъ къизачу балехь доккхуш.
Хьо декъал хиллера дахар д 1алуш

Дахаран некьаш, хьан хиллехьа а доца
Сирлачу седанах тар делла уьш
1ожалло ваккхарах хьо тхуна гена
Халкъанна вехар ву цкъа виц ца луш.

**Песня «Къонахчун илли» исп. ст.гр.**
Бохамах къам лардан орцаха ваьлла
Мерза са, Имам тхан, д1адели ахь,
Къонахчун ц] е еха Иллешка яьлла
Вирзи хьо эхарта, д1а ца луш яхь.

Адамашна юкъахь вайн ца езаш харцо,
Имане, низаме, кхайкхи ахь нах
1илманца, кхетамца яккхалой маршо.
Хоуьйтуш, дахар хьайн д1адели ахь.

Бохамах къам лардан орцаха ваьлла,
Мерза С А, Ахьмад-Хьаьжа, д1адели ахь.
Къанахчун ц1е еха иллешка яьлла
Вирзи хьо эхарта д 1 а ца луш яхь.

## Стихи посвященные Ахьмад-Хьаьжи Кадырову

Ялаеш Нохчийчу исбаьхьа б1аьсте,
Къахкадеш махкара бодане 1а,
Хийла ахь адамийн дог-ойла хьаьсто
Беркате хиллера доьналла хьан.

Харцонна къар цалуш ахь къий сам латтий
Кхерамел толаеш нохчочун яхь.
Парг1ато, Машар вайн махкахь д1ах1оттий,
1азапах лардеш вайн къам ахь

Айбинарг хьайн къоман даг т1ер а бала
Даймехкан лазамийн дарбанча, х1ай,
Декъала войла хьо везачу Дала,
Бакъ-новкъа яькхинарг Нохчийчоь вайн!

Денош мел д1аэхарх я дахкарх т1е,
Халкъалахь ехар ю хьан сийлахь ц1е.
Къомана д1аделларг хьаин даха,
Турпалхо, Къонаха Ахьмад Хьаьжа

## Песня «Аьхмад-Хьаьжа»

Бохамах къам лардан орцаха ваьлла,
Мерза С А, Ахьмад-Хьаьжа, д1адели ахь.
Къанахчун ц1е еха иллешка яьлла
Вирзи хьо эхарта д 1 а ца луш яхь.

Белшаш т1ехь ловзуш хьайн и
берийн-бераш,
Ворта т1ехь дуьне ахь ловзадора.
Ткъа,х1унда мах бйцург хьан м1еран-м1ера
Замано х1отта вац берталл а гуора.

Ас са д1алур дара АхьмадХьаьжи
Цу дийнахь хиндолчух,
со кхеташ хиллехь,
XI уттар яра хьан метта д1а,
Ца кхоош сайн са а
Хьан доьхьа д1адала
Ца бисийта вайн даймохк байлахь.
Со санна да да воцуш г1 ийла.

Маржа я 1,маржа я 1
Ма буьрсачовхийра хьо,
Хьо хьоьстуш лелачийн
Сий дайна ц1а а ма гойла.

Ахмат- Хаджи погиб
Но сын остался
Продолжит он Учение отца Наш Президент
Веди же нас дорогой
Чтоб жили мы,
И чтоб жила Чечня!

**Песня:«Даймохк»**

Лазийни ,лазйн хьах
Къар елли дера ца елла,
Jlуар аш дуйцийла наха
Нохчи чоь яла ца елла.

Йожийни,йожийн хьах
Г1оттур юй,ас валлар дуьллу,
Г1оттур ю кхетачу малхац
Йаха кхиъ малхаца туьллуш.

Бакъ хиллий,бакъ хилл хьах
Белачех хьоьгчу вай дохуш
Амма вай кхуьур ду даха
Белларш схьа белара бохуш.

**Ведущий:** Шен 1алашо машар лаьцна,
шеен махка доьхьа г1ийлачу,
мискачу неха доьхьа д1а делла Ахьмад –Хьаьжас шен са.
Цу т1ехь вай Ахьмад-Хьаьжина лерина йолу утренник чекх йолу.
Дала цуьнан г1азот къобал Дойла!